

# Avi sou Pratik Konfidansyalite Mercy Health (“Avi”)

**AVI SA A DEKRI FASON YO KA UTILIZE AK KOMINIKE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE W AK FASON OU KAPAB JWENN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI EGZAMINE LI AK ANPIL ATANSYON.**

## I. Pwomès Nou Konsènan Enfòmasyon Medikal ou yo ak Dwa w pou Resewwa ak Diskite sou Avi sa a avèk Nou

Mercy Health pran angajman pou pwoteje enfòmasyon medikal ki konsène w. Nou kreye yon dosye sou swen ak sèvis medikal ou resevwa nan sit Mercy Health yo pou itilize nan swen ak tretman ou. Nou bezwen dosye sa a pou nou kapab ba w bon jan kalite swen sante ak pou nou ka respekte sèten egzijans legal.

Avi sa a aplike pou tout dosye swen w yo anrapò ak sèvis yo bay nan lopital yo, sant swen pasyan ekstèn ak sant swen anbilatwa yo ak lòt etablisman ki genyen nan Mercy Health, ansanm ak doktè yo ak lòt pwofesyonèl swen sante ki bay sèvis nan etablisman sa yo, kit se anplwaye Mercy Health oswa doktè pèsoneèl ou ki fè yo. Si doktè pèsoneèl ou pa yon anplwaye Mercy Health, lè sa doktè w la ka gen politik oswa Avi diferan konsènan fason kabinè oswa klinik doktè a itilize oswa kominike enfòmasyon yo konsève sou ou.

Avi sa a fè ou konnen nan ki fason nou kapab itilize ak kominike enfòmasyon medikal ki konsène ou. Epitou, li dekri dwa w ak sèten obligasyon nou genyen konsènan fason pou itilize ak kominike enfòmasyon w yo.

**Lalwa egzije pou nou:**

- **Asire ke enfòmasyon medikal ou yo pwoteje;**
- **Ba w Avi sa a ki dekri devwa legal nou pou pwoteje vi prive w;**
- **Respekte kondisyon nan avi ki anvigè nan moman an; epi**
- **Enfòmasyon w sizoka gen yon vyolasyon enfòmasyon pwoteje sou sante w ki pa an sekirite (Protected Health Information, PHI) jan lalwa egzije sa.**

Ou gen dwa pou resevwa yon kopi Avi sa a epi diskite avèk Biwo Konfidansyalite Mercy Health nou an nan nimewo oswa adrès ki endike nan fen Avi sa a.

## II. Kimoun ki Pral Swiv Avi sa a ?

Avi sa a dekri pratik Mercy Health ak pratik moun ak òganizasyon annapre la yo (yo tout ansanm deziyen kòm “nou”):

- Tout divizyon, filyal, antrepriz konjwen, afilye, etablisman, depatman, klinik, ak kabinè doktè, e nenpòt lòt antite Mercy Health ki konsidere kòm Antite ki Konsène dapre HIPAA;
- Tout anplwaye, estaf ak lòt pèsoneèl Mercy Health;
- Doktè, kabinè doktè, rezidan, ak etidyan medsin yo ki baze nan Mercy Health, konsènan sèvis yo bay ak dosye medikal ki konsève nan yon etablisman Mercy Health oswa nan men doktè ki anplwaye oswa ki sou kontra avèk Mercy Health; epi
- Nenpòt manm nan yon gwoup volontè, nou pèmèt ede w pandan w nan yon etablisman Mercy Health.

## III. Kijan Nou Kapab Itilize ak Kominike Enfòmasyon Medikal ki Konsène W

Seksyon ki endike annapre la yo dekri kèk fason diferan nou ka itilize epi kominike enfòmasyon medikal ou. Pou chak kategori itilizasyon oswa divilgasyon nou pral dekri yo epi bay kèk egzanp. Kèk enfòmasyon, tankou sèten enfòmasyon jenetik, sèten enfòmasyon sou dwòg ak alkòl, enfòmasyon sou VIH ak enfòmasyon sou sante mantal ka gen dwa pou restriksyon espesyal dapre lwa nan nivo Eta ak federal. Nou respekte tout lwa aplikab nan nivo Eta ak federal anrapò ak pwoteksyon enfòmasyon sa yo. Tout itilizasyon oswa kominikasyon yo pa pral mansyone; sepandan, tout fason nou gen otorizasyon pou itilize ak kominike enfòmasyon yo pral tonbe nan youn nan kategori annapre la yo.

- A. Tretman:** Nou kapab itilize oswa kominike enfòmasyon medikal ki konsène w pou ba w tretman medikal oswa sèvis swen sante. Nou ka kominike enfòmasyon ki konsène w bay founisè swen sante ki patisipe nan swen w. Pa egzanp, yon doktè ka bezwen egzamine istwa medikal ou avan li trete w. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ki konsène w avèk lòt founisè swen sante, ajans, oswa etablisman ki pa afilye ak Mercy Health pou bay oswa pou kowòdone diferan bagay ou bezwen, tankou preskripsyon, analiz laboratwa, ak radyografi. Nou gendwa kontakte w pou bay rapèl pou randevou, enfòmasyon sou enskripsyon pasyan yo, enfòmasyon sou lòt chwa tretman oswa lòt avantaj ak sèvis anrapò ak sante ki gendwa enterese w oswa pou fè swivi swen w yo.
- B. Peman:** Nou ka itilize epi kominike enfòmasyon medikal ki konsène w pou aktivite bòdwo ak peman Mercy Health ak lòt moun ki patisipe nan swen w, tankou yon konpayi anbilans. Pa egzanp, nou ka itilize ak kominike enfòmasyon dekwa pou Mercy Health oswa lòt moun ki patisipe nan swen ou ka jwenn peman nan men w, nan men yon konpayi asirans oswa yon lòt pati deyò. Nou ka enfòmasyon konpayi asirans sante w tou pou yon tretman ou bezwen jwenn apwobasyon alavans pou li oswa tcheke si asirans ou a pral peye pou tretman an.
- C. Operasyon Swen Sante:** Nou gendwa itilize epi kominike enfòmasyon medikal ki konsène w pou operasyon swen sante nou yo ki se divès aktivite ki nesèsè pou dirije biznis nou an, bay bon kalite sèvis swen sante epi kontakte w lè sa nesèsè. Pa egzanp, nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ou pou evalye pèfòmans doktè ak enfimye/ enfimye nou yo nan pran swen w, ak pou aktivite amelyorasyon kalite. Nou ka kominike enfòmasyon medikal ou yo bay etidyan nan medsin oswa swen enfimye ak lòt estajye pou rezon revizyon ak fòmasyon.
- D. Echanj Enfòmasyon sou Sante (Health Information Exchange, HIE):** Nou ka patisipe nan yon Echanj elektwonik Enfòmasyon Medikal (Health Information Exchange, “HIE”) pou fasilite pataj enfòmasyon medikal ou pou objektif tretman. Yon HIE se yon rezo ke founisè yo patisipe nan li, tankou doktè ak lòt founisè swen sante, pou fè echanj enfòmasyon pasyan yo pou fasilite swen sante. Gen anpil sikonstans kote li nan avantaj yon founisè swen sante ki pa nan Mercy Health gen aksè nan bon moman nan dosye medikal pasyan yo pou kowòdone swen yo. Pa egzanp, si w rive san konesans nan Sèvis Dijans (ER), li ta ideyal pou ekip tretman an konnen medikaman w ap pran nan moman an, pou yo ka evite nenpòt entèraksyon medikaman danjere. Si lopital kote y ap trete w

# Avi sou Pratik Konfidansyalite

la pa fè pati Mercy Health, doktè w yo ak enfimye/enfimyè w yo gendwa gen aksè dirèk nan enfòmasyon medikal ou ki konsève nan Mercy Health an pasan pa HIE an pou yo ka kowòdone swen w pi byen. Tanpri kontakte reprezantan Biwo Konfidansyalite w la pou w jwenn enfòmasyon pou yon Eta prezizeman konsènan dwa w genyen pou aksepte oswa pou refize pataj enfòmasyon medikal ou yo anpasan pa yon HIE.

**E. Pataj Enfòmasyon andedan yon OHCA:** Nou kenbe Seri Dosye Deziyen nou an grasa itilizasyon yon dosye medikal elektwonik (Electronic Health Record, "EHR"). Grasa EHR sa a, enfòmasyon medikal ou yo konbine avèk enfòmasyon lòt founisè swen sante oswa "Antite ki kouvri" ki patisipe nan EHR lan (yo chak, yon "Antite Patisipan ki Kouvri" epi yo tout ansanm deziyen kòm "Antite Patisipan ki Kouvri yo"), konsa chak nan pasyan nou yo, ou ladan tou, gen yon sèl dosye sante longitudinal anrapò ak tout sèvis Antite Patisipan ki Kouvri yo ofri. Grasa EHR lan, Antite Patisipan ki Kouvri yo te fòme youn oswa plizyè sistèm swen sante òganize kote Antite Patisipan ki Kouvri yo patisipe nan aktivite konjwen sou egzamen itilizasyon ak/oswa aktivite asirans kalite, epi nan sans sa, yo kalifye pou patisipe nan Aranjman Swen Sante Òganize(yo) (Organized Health Care Arrangement(s), "OHCA(s)"). Antanke patisipan OHCA yo, tout Antite Patisipan ki Garanti yo, sa gen ladan noumenm, gendwa itilize epi kominike enfòmasyon sou sante pwoteje ki nan EHR la pou rezon Tretman, Peman ak Operasyon Swen Sante chak patisipan OHCA yo.

**F. Patnè Komèsyal; Founisè Sèvis:** Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ou yo bay lòt pati ki rele "Patnè Komèsyal." Patnè komèsyal yo founi divès sèvis administratif bay Mercy Health oswa pou Mercy Health. Egzanp yo gen ladan sèvis bòdwo, sèvis transkripsyon e sèvis legal. Nou egzije pou Patnè Komèsyal nou yo siyen yon akò ki egzije pou yo pwoteje enfòmasyon w yo epi pou yo sèvi ak yo sèlman pou rezon nou te fè kontra pou sèvis avèk yo a nan yon efò pou asire enfòmasyon medikal ou yo pwoteje kòm sadwa. Nou gendwa itilize Patnè Komèsyal ak lòt founisè sèvis sante ki sitiye deyò Etazini pou ede pou divès tretman ak operasyon swen sante, tankou planifikasyon ak kowòdinasyon swen. Nan kèk ka, Patnè Komèsyal sa yo ak founisè sèvis yo ka gen aksè nan PHI ou yo oswa travay sou yo. Nou asire tout Patnè Komèsyal ak founisè sèvis yo, kèlkeswa kote yo ye a, gen obligasyon pwoteje PHI ou yo annakò ak lwa ameriken ak lwa entènasyonal yo, sa gen ladan Lwa sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA). Mezi sa yo gen ladan mizanplas mezi pwoteksyon apwopriye pou pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon ou yo.

**G. Aktivite pou Kòlèk Lajan:** Nou ka kontakte w pou kòlèk lajan epi bay enfòmasyon sou aktivite Mercy Health patwone, tankou pwogram ak evènman pou kòlèk lajan. Ou gendwa mande pou w "pa patisipe" nan kominikasyon pou kòlèk lajan si w pa vle yo kontakte w. Tanpri voye demann ou a pa imèl bay Mercy Health Foundation nan [give@bsmhealth.org](mailto:give@bsmhealth.org) oswa rele san frè nan **800-999-2744** pou w kite yon mesaj ki idantifye tèt ou epi ki di ou vle refize patisipe.

**H. Anyè Etablisman (Lopital Sèlman):** Si w entènè lopital, nou gendwa mete non w, kote w ye nan lopital la (pa egzanp: nimewo chanm oswa sèvis dijans), eta jeneral ou (pa egzanp: eta pasab) ak afilyasyon relijyon w nan anyè etablisman an. Enfòmasyon anyè a, sof afilyasyon relijye ou, ka kominike bay moun ki mande pou ou ak non w dekwa pou fanmi ou, zanmi ak klèje w kapab vizite w nan lopital la epi konnen anjeneral kòman w ye. Yo gendwa bay manm klèje a enfòmasyon sou afilyasyon relijyon w ak enfòmasyon w nan anyè a, tankou prèt, pastè, oswa raben menm si yo pa mande pou ou pa non w. Si w opoze pou yo pa mete nenpòt oswa tout enfòmasyon sa yo nan anyè etablisman an, ou dwe enfòmè estaf Mercy Health lan pou yo ka retire enfòmasyon ki konsène w nan anyè a.

**I. Moun ki Patisipe nan Swen w oswa nan Peman pou Swen w:** Sòf si w di nou pa fè sa, nou gendwa kominike enfòmasyon medikal bay nenpòt moun ki patisipe nan swen medikal ou, pa egzanp yon zanmi, yon manm fanmi, oswa nenpòt moun ou idantifye. Epi tou, nou gendwa bay enfòmasyon w ba yon moun ki ede peye pou swen w ap resevwa a. Si ou pa kapab di nou preferans ou, pa egzanp, si w pa prezan oswa si w san konesans, nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ki gen rapò dirèkteman ak patisipasyon moun lan nan swen w si nou kwè sa nan pi bon enterè w. Anplis, nou ka kominike enfòmasyon ki konsène w bay reprezantan legal ou.

**J. Rechèch:** Nou ka itilize epi kominike enfòmasyon medikal ki konsène w pou sèten rezon rechèch an konfòmite ak egzijans lwa federal ak lwa eta aplikab yo. Sepandan, tout pwojè rechèch yo sibi yon pwosesis apwobasyon espesyal, ki tabli pwotokòl pou asire enfòmasyon medikal ou yo ap kontinye pwoteje. Lè sa nesèsè, n ap jwenn yon otorizasyon alekri nan men w anvan ou sèvi ak enfòmasyon medikal ou pou rechèch.

**K. Enfòmasyon sou Tretman pou Twoub Konsomasyon Sibstans (Substance Use Disorder, SUD) (42 C.F.R. Pati 2):** Lwa federal prevwa pwoteksyon konfidansyalite espesyal pou sèten dosye tretman pou twoub konsomasyon sibstans. Si nou resevwa oswa nou konsève dosye SUD yo dapre konsantman alekri ou pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante, nou gendwa itilize epi kominike dosye sa yo pou rezon sa yo jan li dekri nan Avi sa a. Benefisyè ki konsène ak HIPAA gendwa itilize oswa kominike yo plis jan HIPAA otorize. Nou p ap itilize ni kominike dosye SUD ou yo nan pwosedi sivil, kriminel, administratif oswa lejislatif kont ou san konsantman w bay prezizeman oswa yon òdonans tribinal.

**L. Jan Lalwa Egzije oswa Otorize:** N ap kominike enfòmasyon medikal ki konsène w lè lwa federal, lwa Eta a ak/oswa lwa entènasyonal mande pou nou fè l. Sepandan, sa gen ladan, men pa sèlman, divilgasyon nan rejis pasyan obligatwa yo, epi tou pou rapòte evènman endezirab anrapò ak aparèy medikal, manje, oswa medikaman sou preskripsyon bay Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (FDA). Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal tou bay ajans siveyans sante pou aktivite lalwa otorize. Aktivite sipèvizyon sa yo ka gen ladan aktivite pou lisans ak lòt aktivite ajans gouvènman, ajans lisans, odit, ak akreditasyon mennen jan lalwa otorize oswa egzije sa. Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ou pou aktivite sante piblik sa gen ladan divilgasyon pou anpeche oswa pou kontwòle maladi, blesi, oswa andikap; rapòte nesans ak lanmò; rapòte abi oswa neglijan sou timoun oswa vyolans nan kay; oswa enfòmè yon moun ki gendwa te ekspoze ak yon maladi oswa pwoblèm medikal. Nou ka kominike enfòmasyon pou rezon aplikasyon lalwa jan lalwa egzije sa oswa kòm repons pou yon manda pou konparèt valab, sitasyon, lòd tribinal, oswa pwosesis menm jan.

# Avi sou Pratik Konfidansyalite

**M. Pwosedi Legal, Pwosè, ak Lòt Aksyon Lajistis:** Nou ka kominike enfòmasyon medikal ki konsène w bay tribinal, avoka, anplwaye tribinal ak lòt moun lè nou resevwa yon lòd tribinal, manda pou konparèt, demann ankèt, manda, sitasyon oswa lòt enstriksyon legal. Nou gendwa kominike enfòmasyon ki konsène w tou bay avoka Mercy Health ak/oswa avoka k ap travay nan non Mercy Health pou defann tèt nou kont yon pwosè oswa yon aksyon yo pote kont nou. Nou ka kominike enfòmasyon medikal ou yo bay lapolis oswa lòt fòsdelòd pou rapòte oswa pou anpeche yon krim oswa jan lalwa mande oswa otorize otreman.

**N. Nou gendwa itilize epi kominike enfòmasyon medikal ou yo nan sitiyasyon espesyal annapre la yo:**

- **Efò pou Bay Sekou nan Katastwòf:** Nou kapab kominike enfòmasyon medikal ki konsène w bay yon òganizasyon ki ede nan pote sekou nan katastwòf, konsa yo ka fè fanmi ou konnen eta w, nan ki sitiyasyon ak ki kote ou ye.
- **Pou Evite yon Menas Grav pou Sante oswa Sekirite:** Nou gendwa itilize ak kominike enfòmasyon medikal ki konsène w pou ede anpeche yon menas grav ki prèt pou rive sou sante ak sekirite w oubyen pou sante ak sekirite piblik la oswa yon lòt moun.
- **Don Ògàn, Zye ak Tisi:** Nou ka kominike enfòmasyon ba òganizasyon ki jere akizisyon ògàn, transplantasyon zye, ògàn oswa tisi osinon ba yon bank don ògàn, si sa nesèsè pou fasilite don ak transplantasyon ògàn oswa tisi.
- **Militè:** Si w se yon manm nan fòs lame, nan peyi a (Etazini) oswa aletranje nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ki konsène w bay otorite militè yo jan lalwa otorize oswa egzije sa.
- **Konpansasyon Travayè yo:** Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ki konsène w pou konpansasyon travayè oswa pwogram sanblab jan lalwa otorize oswa egzije sa.
- **Kowonè, Doktè Egzaminatè ak Responsab Ponp Finèb:** Nou ka kominike enfòmasyon medikal bay yon kowonè, yon doktè egzaminatè, oswa yon responsab ponp finèb jan sa nesèsè pou yo fè devwa yo.
- **Sekirite Nasyonal ak Aktivite Ransèyman:** Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ki konsène w ba responsab federal otorize yo pou aktivite ransèyman, kontespyonaj ak lòt aktivite sekirite nasyonal jan lalwa egzije.
- **Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan Etazini ak Lòt moun:** Nou ka kominike enfòmasyon medikal ki konsène w bay ofisyèl federal otorize yo pou yo ka mennen ankèt espesyal oswa bay pwoteksyon pou Prezidan Etazini, lòt moun otorize, oswa chèf deta etranje yo jan lalwa otorize.
- **Prizonè:** Si w se yon prizonè nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa ou sou responsablite yon ajan ki responsab aplikasyon lalwa, nou ka kominike enfòmasyon medikal ki konsène w ba enstitisyon koreksyonèl la oswa ajan ki responsab aplikasyon lalwa yo jan lalwa otorize oswa egzije.

**O. Entèlijans atifisyèl oubyen AI:** Nou gendwa itilize teknoloji AI pou soutni desizyon operasyonèl ak rekòmandasyon konsènan tretman oswa swen ou yo, sa gen ladan, men pa sèlman, dokimante swen yo, soutni evalyasyon klinik, rekòmandasyon pou tretman, ak kreye yon plan swen. Teknoloji AI ka itilize enfòmasyon w yo pou antrene epi amelyore fonksyonalite teknoloji AI la. Patnè teknoloji AI yo oblije kenbe enfòmasyon w yo konfidansyèl.

## IV. Itilizasyon Enfòmasyon Medikal ki Mandè Otorizasyon

- A. Nòt Sikoterapi:** Nou dwe jwenn otorizasyon alekri ou pou kominike nòt sikoterapi eksepte nan sèten sikonstans. Pa egzanp, otorizasyon alekri pa nesèsè pou otè nòt yo itilize nòt sa yo anrapò ak tretman w oswa itilizasyon oswa divilgasyon nou fè pou fòmasyon pratisyen sante mantal, oswa pou defann Mercy Health nan yon aksyon lajistis ou depoze.
- B. Maketing:** Nou dwe jwenn otorizasyon alekri ou pou itilize oswa kominike enfòmasyon medikal ou pou rezon maketing eksepte nan sèten sikonstans. Pa egzanp, otorizasyon alekri pa nesèsè pou rankont fas a fas ki enplike maketing, oswa kote n ap bay yon kado ki gen valè nominal (pa egzanp: yon tas kafe), oswa yon kominikasyon sou pwòp sèvis nou oswa pwodui nou yo (pa egzanp: nou ka voye yon kat postal ba ou ki anonse arive yon nouvo chirijyen oswa yon machin radyografi).
- C. Lavant Enfòmasyon Medikal:** Nou dwe jwenn otorizasyon alekri ou pou kominike enfòmasyon medikal ou an echanj yo salè.
- D. Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon:** Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon enfòmasyon medikal ou ki pa kouvri nan kategori ki nan Avi sa a oswa lwa, règ oswa règleman aplikab yo pral fèt sèlman avèk pèmisyon oswa otorizasyon ou alekri. Si ou ban nou otorizasyon alekri sa a, ou gendwa revoke otorizasyon an nenpòt ki lè. Nou pa kapab rebran okenn Itilizasyon oswa Divilgasyon nou te deja fè avèk otorizasyon w lan. Nou oblije kenbe enfòmasyon medikal ou konsènan swen ak tretman nou ba w.

## V. Ou gen dwa pou w jwenn aksè nan Enfòmasyon Medikal; pou fè sa, w ap kontakte kote w te resevwa swen yo oswa w ap rele nimewo ki nan fen Avi sa a.

Nan anpil kote, estaf la gendwa pa disponib sou plas, sepandan yo gendwa dirije w sou yo lè w kontakte nimewo telefòn ak/oswa adrès imèl ki endike nan fen Avi sa a.

Dwa pou enspekte ak pou jwenn yon kopi elektwonik oswa kopi sou papye enfòmasyon medikal ou: Avèk kèk eksepsyon, ou gen dwa pou enspekte ak/oswa pou resevwa yon kopi dosye medikal ak dosye bòdwo w sou papye oswa sou fòm elektwonik oswa nenpòt lòt dosye nou yo ke nou itilize pou pran desizyon sou swen w yo. Ou ka mande pou nou voye yon kopi enfòmasyon medikal ou bay yon lòt pati. Pou enspekte ak/oswa resevwa yon kopi dosye medikal ou, nou mande pou ou soumèt demann ou an alekri bay founisè swen sante Mercy Health ou oswa bay depatman dosye medikal ki apwopriye a. Si w mande yon kopi dosye medikal ou, nou ka fè w peye yon frè rezonab ki baze sou pri pou depans pou ba w kopi yo. Nan kèk ka, yo ka bay dosye medikal yo gratis. Nan sèten sikonstans, nou ka refize demann ou an pou enspekte oswa kopye dosye ou yo. Si nou refize demann ou an, n ap eksplike w rezon yo epi nan pifò ka yo, ou ka fè revize refi a.

# Avi sou Pratik Konfidansyalite

## VI. Dwa W Konsènan Enfòmasyon Medikal Ki Konsène W

Ou gen dwa annapre la yo konsènan enfòmasyon medikal ou:

**A. Dwa pou Mande yon Modifikasyon:** Si w santi ke enfòmasyon medikal nou genyen sou ou a pa kòrèk oswa yo pa konplè, ou gendwa mande pou nou korige enfòmasyon yo pandan tout tan Mercy Health konsève enfòmasyon yo nan dosye medikal ak dosye bòdwo w yo. Pou mande yon modifikasyon, ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Biwo Konfidansyalite Mercy Health lan epi bay rezon pou demann lan. Si nou aksepte demann ou an, n ap modifiye dosye w (yo) epi n ap fè w konnen sa. Nan sèten sikonstans, nou pa ka retire sa ki te nan dosye a (dosye yo), sepandan nou gendwa ajoute enfòmasyon siplemantè pou bay eklèsisman. Si nou refize demann ou pou yon modifikasyon, nou pral ba ou yon eksplikasyon alekri sou rezon ki fè nou refize l epi eksplike dwa ou genyen.

**B. Dwa pou Jwenn Rapò sou Kominikasyon yo:** Ou gen dwa pou resevwa yon lis sèten divilgasyon nou te fè ak enfòmasyon medikal ou yo nan sis ane anvan dat demann ou an. Pou mande yon kontrandi sou divilgasyon yo, ou dwe soumèt demann ou a alekri bay Biwo Konfidansyalite Mercy Health lan. Ou dwe endike peryòd tan ou vle resevwa kontrandi pou li a, ki pa ka pi long pase sis ane epi ki pa ka egziste depi plis pase sis ane apati dat demann ou an. Premye kontrandi ou resevwa nan yon peryòd 12 mwa pral gratis. Nou ka fè ou peye pou nou bay repons pou lòt demann ou fè nan menm peryòd la. N ap enfòme w pou frè ki enplike yo anvan nenpòt depans fèt. Ou ka chwazi pou retire oswa modifiye demann ou an nan moman sa.

**C. Dwa pou Mande pou Gen Limit:** Ou gen dwa pou mande yon restriksyon oubyen limit sou enfòmasyon medikal nou itilize oswa kominike konsènan ou pou tretman, peman oubyen fonksyonman swen sante yo. Ou gen dwa tou pou mande nou mete yon limit nan enfòmasyon medikal ou nou kominike ba yon moun k ap patisipe nan swen w oswa nan peman pou swen w yo, tankou manm fanmi oswa zanmi. Pa egzanzp, ou kapab mande pou nou pa kominike enfòmasyon yo ba yon manm fanmi konsènan yon operasyon ou te fè. Si nou aksepte demann ou an, n ap konfòme nou ak demann ou a sof si enfòmasyon yo nesèsè pou ba ou tretman dijans, oswa lalwa egzije pou nou kominike li. Nou pa oblije dakò ak demann ou an eksepte nan ka kote divilgasyon an se bay yon plan sante pou fè peman oswa operasyon swen sante nan plan sante a, epi enfòmasyon an konsène sèlman yon atik oswa sèvis swen sante yo te peye nou pou li okonplè ak lajan ki sot nan pòch. Pa egzanzp, lè yon pasyan vle chiriji estetik epi li peye pou li ak lajan ki sot nan pòch li, nou pa pral voye okenn reklamasyon bay konpayi asirans lan, lè li mande sa. Pou mande yon restriksyon, ou dwe fè demann ou an alekri nan Biwo Konfidansyalite Mercy Health lan epi di nou (1) ki enfòmasyon ou vle mete limit ladan; (2) si ou vle mete limit nan itilizasyon nou fè, nan kominikasyon nou fè, oswa nan toude; ak (3) pou kiyès ou vle limit la aplike, sètadi kominikasyon ba konjwen ou. Nou otorize mete fen nan restriksyon an si nou enfòme w. Si nou mete fen nan restriksyon an, li pral sèlman afekte enfòmasyon medikal ki te kreye oswa resevwa apre nou te enfòme w.

**D. Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl:** Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou osijè zafè medikal ou nan yon fason presi oubyen nan yon kote presi. Pa egzanzp, ou gendwa mande pou nou kontakte w sèlman lakay ou oswa pa kourye. Si w vle pou nou kominike avèk ou nan yon sèten fason, w ap gen pou w ban nou detay byen presi sou fason ou vle yo kontakte w, ansanm ak yon lòt adrès valab. Nou p ap mande w rezon an pou demann lan, epi n ap reponn ak tout demann ki rezonab. Sepandan, si nou pa kapab itilize fason oswa kote ou te mande yo pou nou kontakte w, nou ka sèvi ak enfòmasyon nou genyen yo pou nou kontakte w.

**E. Dwa pou Jwenn yon Kopi Avi Sa A Sou Papyè:** Ou gen dwa pou w gen yon kopi Avi sa a sou papyè nenpòt ki lè, menm si ou te aksepte anvan sa pou w resevwa Avi sa a elektwonikman. Kopi Avi sa a disponib nan etablisman Mercy Health yo, tankou lopital, klinik, ak kabinè doktè, sit entènèt Mercy Health nou an nan [mercy.com](http://mercy.com), oswa lè w kontakte Biwo Konfidansyalite Mercy Health lan jan li endike anba a.

**F. Dwa pou Chwazi Yon Moun pou Aji pou Ou:** Si w te bay yon moun manda medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa kapab egzèsè dwa ou yo epi fè chwa konsènan enfòmasyon medikal ou yo. Anvan nou pran nenpòt aksyon, n ap verifiye ke moun nan gen otorite sa a epi li ka aji pou ou.

## VII. Chanjman nan Avi Sa A

Nou gen dwa pou nou Chanje avi sa a, ansanm ak avi sou pratik konfidansyalite Mercy Health la. Nou gen tout dwa pou nou fè avi ki revize oswa avi ki chanje a antre anvigè pou enfòmasyon medikal nou genyen deja sou ou yo, ansanm ak pou nenpòt enfòmasyon nou resevwa alavni. N ap poste yon kopi Avi aktyèl la sou sitwèb Mercy Health nou an nan [mercy.com](http://mercy.com). Avi a pral presize dat antre anvigè Avi a. Chak fwa ou vizite sit entènèt nou an, w ap wè yon lyen ki mennen nan Avi aktyèl la ki anvigè a.

## VIII. Kesyon/ Plent

Nou pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote moun soti, sèks, laj oswa andikap. Sèvis asistans lang disponib gratis lè w kontakte [languageservices@mercy.com](mailto:languageservices@mercy.com).

Si w gen kesyon oswa w kwè yo te vyole dwa ou genyen konsènan vi prive w, ou ka depoze yon plent nan Mercy Health oswa bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la. Yo pa pral fè reprezay kont ou poutèt ou pote yon plent.

### Enfòmasyon pou Kontak/Fason pou depoze yon Plent

#### Mercy Health Privacy Officer

4600 McAuley Place, Suite 100  
Cincinnati, OH. 45242  
1.888.302.9224  
[Privacy@BSMHealth.org](mailto:Privacy@BSMHealth.org)

#### U.S. Department of Health and Human Services

200 Independence Avenue  
S.W. Washington, D.C. 20201  
1.877.696.6775

*Avi sa a anvigè nan dat 03/26/2026 epi li ranplase tout vèsyon anvan yo.*